МКОУ « Ленинаульская СОШ № 1 имени героя Советского Союза Х. Нурадилова»

| Согласовано: | Утверждаю: |
| --- | --- |
| зам. дир. по УР<br>Джамалдинова З.Ш.<br>« 26» август 2023г. | Директор МКОУ «ЛСОШ № 1»<br>Аскендерова Х.Н.<br>Протокол пед.совета №__198__<br>«_26_» август 2023 г. |

# Рабочая программа
# по родной (аварской) литературе
# для 5 класса

## учительницы родного языка и литературы
## Магомедалиевой Б.У.

2023 – 2024г.

## Программаялъе баян

Художествияб адабияталъ к1удияб кумек гъабула кинабго рахъ камилав инсан куцазе, г1агараб халкъалъул рух1ияб бечелъиялъул къуч1алда г1олилазе тарбия кьезе.

Гьединлъидал школалда малъизе т1аса рищун руго ц1алдохъабазе мустах1икъал, маг1наялъул ва мац1алъул рахъалъ щвалде щварал авар литератураялъул ва вацлъиялъул миллатазул цо-цо асарал. Гьезда т1ад х1алт1улаго, лъималазда лъазе ккола художествиял асаразул анализ гьабизе, гьезие бит1араб къимат кьезе ва адабияб теориялъул к1вар бугел баяназдаса пайда босизе, гьелдаго цадахъ гьезие рагьизе ккола художествияб каламалъул пасих1лъи ва гьварилъи.

**Раг1ул устарлъиялъул асарал малъи ккола адабияб курсалъул аслияб рахълъун.**

**Малъиялъул мурадлъун ккола** раг1ул устарлъиялда лъимал хадур гьезари, камилал художествиял асаразда гьорлъе раккизе ругьун гьари, пасих1аб сипатияб каламалъул тату лъаялде гьел рачин, гьелъул къуч1алда асаразулъ рихьизарурал жамг1иял гьоркьорлъабаздалъун, г1адамазул г1амал –хасиятаздалъун авторасе абизе ва бихьизабизе бокьараб аслияб пикру рагьиялде ва бич1ч1иялде рач1ин.

Адабияб курсалда жаниб хасаб бак1 ккола Ват1ан хиралъиялъул, миллатазда гьоркьоб гьудуллъи кквеялъул, дунялалдаго зах1матхалкъалъул мурадал ц1униялъул асар ц1алдохъабалъ куцаялъ

Адабияталъул дарсаз лъимал т1амула миллатазул адаб-х1урмат гьабизе. Гьеб мурадалъе г1оло ц1алдохъабаз лъай-хъвай гьабула цогидал миллатазул адабияталдаса авар мац1алде руссинарурал лъик1ал асаразулгун.

Лъайгун тарбия кьеялъул масъалабиги, ц1алдохъабазул г1елалъулаб х1албихьиги х1исабалде босун, **авар мац1алда литератураялъул курс г1уц1ун буго 2007 соналда басмаялда бахъараб ва Дагъистан Республикаялъул лъайкьеялъул ва г1елмуялъул министерстволъ тасдикъ гьабураб Дагъистаналъул Тахо-Годил ц1аралда бугеб педагогикияб г1елмиябгун ц1ех-рехалъулаб институталъ г1уц1араб «Авар ва Дагъистан адабият программалъул» къуч1алда.**

5 абилеб классалъе ц1алул материал кьун буго тарихиябгун-тематикияб ва жанразул тартибги ц1унун. Гьениб х1исабалде босун буго байбихьул классазда ц1алул дарсазда лъималазе щвараб х1албихьи ва гьениб лъураб къуч1алда г1уц1ула хадубккун литературияб ц1али.

5 абилеб классалъе малъизе программаялда рихьизарун руго лъайгун тарбия кьеялъе лъик1ал ресал ругел, рич1ч1изе бигьаял, художествияб рахъалъ щвалде щварал халкъияб к1алзул гьунаралъул, авар адабияталъул ва вацлъиялъул миллатазул хъвадарухъабазул т1аса рищарал асарал.

**Гьаб программаялъул аслияб т1алаб:** адабияталде лъималазул рокьи базаби; чвахун ва пасих1го ц1алиялъул бажари камиллъизаби; малъулел асаразул гьварилъилъуде раккизе ва аслияб пикруялда хадур гьезе к1везелъун, анализалъе авалияб роцада лъимал ругьун гьари ,т1ахьал ц1ализе гьира-шавкъ бижизаби.

**5 классалъе т1аса рищарал асараз рес кьола** ц1алдохъабазул г1умруялъул х1албихьи бечед

гьабизе, сипатияб каламалъул лазат босизе лъималазда малъизе, гьезулъ рухIияб сахаватлъи куцазе, гIумруялда дандчIвалел гIемерал лъугьа-бахъиназе битIараб къимат кьезе ругьун гьаризе.

**Щибаб классалъул курс гIуцIун буго**, тарихиябгун тематикияб тартибги цIунун. Гьелъ рес кьола лъималазул лъай гIамлъизабизе, литературиял асаразда кколел лъугьа-бахъинал чIванкъотIараб тарихияб заманалда хурхарал рукIин цIалдохъабазда бичIчIизабизе, ва гьезда бихьизабизе гьел асаразда жаниб батIи-батIияб тарихияб заманалъул гIадамазул гIумруги гIамал-хасиятги ва рукIа-рахъинги гвангъун цебечIезабун букIин; гьелдаго цадахъ лъималазе рагьула жакъасеб къоялдаги гьел м алъулел асаразул бугеб кIвар; гьанжесеб гIумруялъе битIараб къимат кьун бажаруларо, аралде данде ккечIого.

Программаялда мухIканго чIезарун руго лъималазда лъазе кколел литературияб теориялдаса баянал. Теориялдаса авалиял баянал кьезе байбихьула 5 классалда, хадубккун гьезул сияхI цIикIкIинабизе, малъарал гъварид гьаризе хIисабалде росун руго. Асаразул анализ гьабулелъул, цIалдохъабаз теориялъул баяназдаса гIатIидго пайда босизе ккола.

РагIа-ракьанде щун, адабияб лъай кьеялъул масъала тIубан бажаруларо, гIатIидаб къагIидаялъ класстун къватIисеб цIали гIуцIичIого. Гьединлъидал, чара гьечIого, тIубазе ккола класстун къватIисеб цIалиялъул программаги.

Гьезда тIасан гара-чIвари гьабизе хасал дарсалги рихьизарун руго. МугIалимасда тIадаб буго цIалдохъабазе цIализе кьезе цохIо рихьизарурал гурелги, ахираб заманалъ басмаялде рахъарал, критиказ реццарал цIиял асаралги.

**Программаялда кьун буго кIалзул ва хъвавул калам цебетIезелъун тIоритIизе кколел хIалтIабазул къадар.**
Гьел хIалтIаби щулаго рухьарал руго адабиял асарал малъиялда. Гьединлъидал лъималги ругьунлъула сипатияб каламалде, поэтазул, хъвадарухъабазул пасихIаб мацIалде, рагIаби дандразе, хабар гIуцIизе, магIнаялда рекъараб форма батизе, жидерго пикру къокъго ва баянго загьир гьабизе. Гьелдалъун асаразул анализ гьабизеги, гьезие къимат кьезеги цIалдохъабазул бажари борхула.

**Программаялда чIезабун буго, адабияталъул курс малъулаго, лъималазе щвезе кколеб лъаялъул ва лъугьине кколеб бажариялъул мухIканаб гIурхъи-рахъ.** Лъазе ккола малъулел асаразул хIасил бицине, щибаб классалъул программаялда кьурал литературияб теориялъул баяназдаса гIатIидго пайда босизе, программаялъ тIадаллъун гьарурал текстал рекIехъе цIализе.

**Ругьунлъиялъулгун бажариялъул тIалабал кIийиде рикьун руго:**

1. Асаралъул анализ гьабун ва гьелъие къимат кьун бажари;
2. Калам гIуцIун бажари.

Программаялда бихьизабун буго щибаб художествияб асар малъизе бикьун кьураб цIалул заман.

**5 классалда адабиял темабазда т1орит1улел к1алзулал ва хъвавулал х1алт1абазул аслиял тайпаби**

Бич1ч1изе бигьаяб г1елмияб мац1алда хъваралги х1дожествиялги текстал раг1ун, дурун ц1ализе ругьун гьари.

Рек1ехъе лъазарурал художествиял асарал пасих1го ц1али.

Изложение х1исабалда, гьит1инабго хабарияб асаралъул, яги к1удиялдаса цо бут1аялъул г1ат1идгоги (тексталде г1агарун) къокъгоги х1асил бицин (хъванги абунги), гьелда гьоркьобе сипат – сураталъул бицунел бак1алги ккезари.

Ц1алдохъабазул жидерго зах1маталъул, гьез жамг1ияталъе гьабулеб пайдаяб х1алт1ул бицарал сочинениял хъвай.

Багьадураздехун, гьезул ккарал лъугьа-бахъиназдехун жиндилъ бижараб пикруги загьир гьабун, телевизоралдасанниги киноялданиги рихьарал фильмабазул, ц1алараб художествияб асаралъул х1акъалъулъ бицун бажари.

**Авар мац1алъулгун бухьен**

- Кьураб темаялда хабар г1уц1и.
- Г1адатаб план.
- Сипатияб ва г1адатияб г1елмияб калам. Гьезул бат1алъи.
- Предметазе гьабураб сипат – сурат ц1унун, хабарияб тексталда т1асан изложение хъвай.
- Раг1ул бит1араб ва хъвалсараб маг1на. Синонимал. Антонимал. Гаргар. Тема. Тексталъул аслияб маг1на.

**Цогидал ц1алул предметазулгун бухьен:**

- жиндир ракьалъул тарих лъай: лъазабулеб жиб-жиб заманалъул жамг1ияб г1уц1и
- ц1алараб худ.асаралда т1асан сюжетияб сурат бахъи
- ...

**Лъаялъул ва бажариялъул рахъальан 5 классалъул ц1алдохъабазда цере лъолел аслиял т1алабал**

**Ц1алдохъабазда лъазе ккола:**

- лъазарурал асаразул ва гьезул авторазул ц1арал;
- лъазарурал асаразул багьадуралги ва гьел гьоркьор г1ахьаллъулел лъугьа-бахъиназул рахасги;
- адабияб теориялдаса баянал: художествияб асаралъул багьадур, багьадурасул монолог, диалог, дандекквей, олицетворение, эпитет;
- адабиял маргъабаздаса халкъиял маргъабазул бат1алъи;
- программаялда рек1ехъе лъазаризе рихьизаризарурал текстал.

**Ц1алдохъабазухъа бажаризе ккола:**

- лъазарурал асаразда гьорлъа хасал лъугьа-бахъинал рат1а рахъизе;
- лъазарулел асаразда жанир колел лъугьа-бахъиназда гьоркьоб заманияб ва г1илла-мурадияб бухьен ч1езабизе;
- малъулеб асаралда жаниб дандекквеял, эпитетал, олицетворениял ратизе ва текстазда гьоркьоб

гьезул бугеб к1варалъе баян кьезе;
-муг1алимасул т1адкъаялда рекъон, лъазабулеб асаралъул багьадурасул г1амал-хасият бицине.

- Минуталда жаниб 90-100 раг1и кколеб хехлъиялда лъазарурал текстал раг1ун, рит1ун ва чвахун ц1ализе;
-рек1ехъе лъазарурал асарал пасихI1го ц1ализе;
-гьит1инаб хабарияб асар, яги к1удиялъул цо бут1а изложение х1исабалда бицине ва хъвазе;
-зах1маталъул темаялда сочинение хъвазе (жиндирго х1алт1ул х1албихьиялъул кьуч1алда);
-асаралъул багьадурасул хасият рагьизе (бицунги хъванги);
- гьит1инаб хабарияб асаралъул яги к1удиялъул цо кесекалъул план г1уц1изе;
-асаралъул багьадураздехун ва лъугьа-бахъиназдехун лъугьараб бербалагьи загьир гьабун, жинцаго ц1аларал художествиял асаразе къимат кьезе (бицун).

Программа г1уц1ун буго, 2013 соналъ Дагъистаналъул лъай кьеялъул ва г1елмабазул министерствоялъ тасдикъ гьабураб ва ООО «НИИ педагогикиялъ» къват1ибе биччараб **«Авар ва Дагъистан адабияталъул программмаби V-XI классазе»** кьоч1ое босун.

***Дилим гимназиялъул лъайкьеялъул планалда рекъон, 5 классалда авар адабияталъе бихьизабун буго анкьида жаниб 1 саг1ат. Лъаг1алие - 34 саг1ат.***

***Асарал лъазаризе*** - 26 саг1ат
***Калам цебет1езабизе*** – 3 саг1ат
***Класстун къват1исеб ц1али бачине*** – 1 саг1ат .
***Халгьабиялъул х1алт1и*** – 3 саг1ат

**Халкъияб к1алзул гьунар**

**Байбихьи (1 саг1ат )**
**«Ганч1ил вас» (1 саг1ат)**

Ват1ан хиралъи - маргьаялъул аслияб маг1на. Маг1аруласул къвак1и, Ват1аналъе г1оло рух1 бичизе х1адурал рук1ин гьит1инав васасул мисалалдалъун бихьизаби. Залимав талавурчи Тимурида ва гьесул чукъбузда т1ад васас рух1ияб бергьенлъи боси. Ват1ан хириязе хвел бук1унаро.

**«Лъабго гьунар гьабурав бах1арчи» (1 саг1ат)**

Инсанасе бищун т1адег1анаб рух1ияб бечелъи Ват1ан бук1ин маргьаялъул аслияб маг1на. Инсанасул лъик1ал рахъазе рецц гьаби. Лъик1лъиялъ квешлъи къезаби. Т1абиг1ат мук1ур гьабизе инсанасул бук1араб анищ. Маргьабалъ кколел г1ажаибал ишал.
Маргьаялъул мац1 ва гьеб г1уц1ун бук1унеб куц. Маргьабазул г1адатлъи ва пасих1лъи.

**«Х1амаги бац1ги» (1 саг1ат)**

Боц1уца г1орц1иялъ цулъарав бечедав чиясул бац1илаб г1антлъи, бокьа-бокьараб гьабизе бегьулин ккейги, х1алт1уца чурхъарав мискинчи х1исаьалда х1амил ц1одорлъиги маргьадулъ бихьизабун бугеб куц. Хъант1и, зулму гьаби халкъалъ какулеб бук1ин. Рит1ухълъиялъ бергьенлъи босизе бук1иналде халкъалъул хьул.

### «Кьурулъ хут1арав Г1али» (1 саг1ат)

Хъант1иялъ, бахиллъиялъ ва жах1даялъ чиясул инсанлъи лъуг1изабулеб ва гьев х1илла рек1к1алде вачунеб куц кочl1олъ бихьизабун бугеб куц. Коч1олъ х1алт1изарурал маргьаялъе хасиятал рахъал. Гаргаралъул к1вар.

### Бицанк1аби (1 саг1ат)
### Кицаби ва абиял

Бег1ераб пагьмуялда, гвангъараб нухалда халкъалъул г1акълуги берзул ц1одорлъиги бицанк1абазда жаниб загьирлъи. Бицанк1абазул хаслъи.

Кицабазулъ ва абиязулъ г1агараб ракьалде рокьи, инсанасул сахаватлъи, бах1арчилъи, г1акъиллъи, рух1ияб бечелъи, гьединго хиянатлъи, макру, к1ух1аллъи, ч1ух1и-пахрулъи, къарумлъи, к1вар гьеч1олъи гвангъун загьир гьаби. Кицаби ва абиял – халкъияб г1акълъуялъул хазина.
Кицабазул ва абиязул хаслъи – пасих1лъи ва къокълъи. Мац1алъул камиллъи ва г1ужиллъи. Кицабазул бит1араб ва хъвалсараб маг1на.
Адабияталъул теория. Фольклоралъул х1акъалъулъ баян. Маргьаби ва гьезул тайпаби.

### Хъвадарухъабазул маргьаби ва къисаби

### Ц1адаса Х1амзат. «Гъалбац1ги г1анк1ги» (1 саг1ат)

Зулмучиясул ахир хвалдалъун лъуг1улеблъи – маргьаялъул аслияб пикру. Бищун х1инкъараблъун толеб г1анк1ил бах1арчилъи – г1акъилаб бук1ин. Гъалбац1 хвеялъе г1илла – жиндаса бергьунеб жанавар бегьуларин абураб пахрулъи, къуваталда мугъч1вай. Маг1ирукъалъул бак1алда г1алхуда бертин гьабиялъе г1илла. Маргьаялъул хъвалсараб маг1на. Маргьа хъвараб коч1олаб каламалъул чвахи, пасих1лъи, сипатлъи.
**Адабияталъул теория.** Микьго гьижаялъул коч1олаб г1уц1и. хабарияб ва шиг1руяб калам. Коч1ол чвахи, аллитерация.

### Г1абдулмажид Хачалов. «Шахламаз» (2 саг1ат)

Рак1алда канлъи бихьулей бецай ессарухъаналъул ц1одорлъи, пахруяв ханасул лъавукълъи ва пахрулъи. Зах1матчаг1азул сахаватлъи, сабрулъи к1одо гьабун, т1адчаг1азул маг1на гьеч1еб ч1обогояб г1умру какун бугеб куц. Халкъияб маргьаялъул г1адатаб мац1, рит1ухълъи бергьин, т1екълъи къей – г1умруялъул закон.

### Г1абасил Мах1амад. «Чибирикъ» (2 саг1ат)

«Бах1арчи хъабчилъ ватула» абураб кици – маргьаялъул аслияб маг1на. Маргьаялъул багьадур Ч1ибирикъил г1адатлъиги мискинлъиги, махсара х1алае ккун, бихьизабун бугеб куц. Ч1ибирикъил гьунар. Ханасул «баркала». Ханасул ясалъ Ч1ибирикъ т1асавищиялъе г1илла. Бах1арчилъиялъе ва чилъиялъе авторас кьолеб къимат. Инсанасул талих1, бечелъиялъулъ гуреб,

чилъиялъулъ бук1ин. Махсараялъул (юморалъул) х1акъалъулъ баян.

**Адабияб теория.** Хабарияб ва шиг1руяб каламалъул х1акъалъулъ баян гъварид гьаби. Рифма ва чвахи – коч1олаб каламалъул пасих1лъиялъул форма. Коч1ол 7 ва 8 гьижаялъул роцен. Адабиял маргьабазул х1акъалъулъ бич1ч1и. халкъияздаса гьезул бат1алъи.

**Х1Х г1асруялъул адабият**

**Инхоса Г1алих1ажияв. «Бечедал чаг1азде» (1 саг1ат)**
**Кицабиял алфазал.**

Чияр гъиналдалъун боц1и данде гьабурал бечедал чаг1азул г1амал-хасият. Жиндирго зах1маталдалъун бет1ербахъи гьабулев инсанасул сахаватлъи, рек1ел бечелъи. Коч1ол багьадураздехун жиндирго бугеб гьоркьоблъи бихьизабизе шаг1ирас ратарал сипатиял раг1аби Коч1ол мац1алъул пасих1лъи.

**Адабияталъул теория.** Эпитеталъул х1акъалъулъ баян.

**Эльдарилав. «Хъуру-хъара» (1 саг1ат)**

Инсанасул г1умруялъул рит1ухълъи гъеч1олъи шаг1ирас каки. Т1адчаг1аз «хъуру-хъара» - ян мискинзаби инжит гьариялде данде шаг1ирасул гьаракь.

**Дагъистаналъул халкъазул адабияталдаса**

**Кочхюралдаса Саг1ид «Милъиршо» (1 саг1ат)**

Т1абиг1аталъул берцинлъи – милъиршо. Ихдал бач1унеб, хаслихъе унеб эркенаб х1анч1ида шаг1ирасул бахиллъи. Живги эркенлъиялде цадахъ вачеян милъиршоялда гьари.

**Абут1алиб Гъафуров. «Дир г1умру» (3 саг1ат)**

Нек1о маг1арулазул мискинзабазул бук1араб кьог1аб, язихъаб г1умруялъул сурат. Бечедал устарзабаз ругьун гьаризе ккун рук1арал лъималазул гъин кваналеб бук1араб куц Чалабил сипат. Гьесул вах1шилъи, къарумлъи, рух1ияб мискинлъи. Мискинав васасул рух1ияб бечелъи, эркенлъиялде ц1айи ва гьелде батараб нух..

Адабияталъул теория. Дандекквеялъул баян. Раг1ул ьит1арабги хъвалсарабги маг1на.

**Г1азиз Иминагъаев. «Х1алт1ухъанасул г1умру» (1 саг1ат)**

Нек1о х1алт1ухъабазул бук1араб кьог1аб къисмат коч1олъ гвангъун бихьизабун бугеб куц. Гьеб асар пачаясул х1укуматалда ч1валеб г1айиблъун бук1ин.

Шаг1ирас х1алт1ухъаби эркенлъи т1алаб гьабиялде кант1изари.

**ХХ г1асруялъул адабият**

**Мух1амад Шамхалов. «Зурмихъабазул нохъоде» (2 саг1ат)**

Г1исалги Расулилги гьудуллъиялъул щулалъи. Г1иял гьой Игитги лъималги. Расулги Г1исаги зах1маталдехун бугеб бербалагьи. Хъвадарухъанас Г1исаеги, Расулиеги Игиталъеги кьолеб къимат.

**Мух1амад Сулиманов. «Хинкъараб сапар» (1 саг1ат)**

Ц1ияб г1умруги г1агараб ракьги Самиеги Набиеги хирияб бук1иналъе нуг1лъи гьабулел гьезул ишал. Набилги Самилги гьудуллъи. Мекъалдеги бит1аралдеги лъималазул бербалагьи ва гьелъул х1асил. Лъималазул бах1арчилъи.

Адабияталъул теория. Асаралъул темаялъул ва аслияб пикруялъул х1акъалъулъ авалияб баян.

**Расул Х1амзатов. «Вера Васильевна», «Маша» (2 саг1ат)**

**«Вера Васильевна».** Халкъазда гьоркьоб гьудуллъи щулалъи ва цебет1ей – коч1ол аслияб пикру. Г1урус ч1ужуг1аданалъ маг1арулазе гьабураб рак1бац1ц1адаб кумек. Миллатазда гьоркьоб рагъулъги х1алт1улъги т1егьан бач1араб щулияб гьудуллъи – къуват.

**«Маша».** Рагъда лъадарараб гьудулъи-вац1лъи хадубккунги т1егьай. «Маша» абураб ц1ар лъеялъе г1илла. Коч1ол рохалилаб ва пашманаб бакъан. Лъималазде бугеб к1удияб ва х1еренаб рокьи загьир гьабизе шаг1ирас х1алт1изабураб махсара, сипатиял раг1аби. Дандекквеялъул ва эпитеталъул к1вар.

**Адабияталъул теория.** Дандекквей такрар гьаби, гьелъул к1вар коч1олъ рагьи.

**Г1абдулмажид Хачалов. «Т1аса лъугьа, гьалмагъ майор» (2 саг1ат)**

Ват1анияб рагъда г1адамазул таваккал, къвак1и, бах1арчилъи ва тушманасде ццин загьир гьабун бугеб куц. Саша Горбуновасул ц1одорлъи, бах1арчилъи, тушманасде гьалагаб ццин. Майор Горбуновасул г1амал – хасият. Г1урусав Горбуновасулги, маг1арулав Гъазихъавасулги, гуржиясулги рагъда лъадарараб гьудуллъи.

**Адабияталъул теория.** Адабияв багьадурасул х1акъалъулъ авалияб баян. Гаргар ва авторасул калам рекъонккеялъул к1вараллъул бич1ч1и г1ат1ид гьаби.

**Фазу Г1алиева. «Рии т1адбан буго дир т1алъиялда», «Ц1ад» (1 саг1ат)**

Гьавураб ва г1ураб ракьалъул т1абиг1ат ккола Ват1аналде рагьулеб рокьул каву. Гьелдасан байбихьула эбелаб ракьалде рокьул асар т1ирщизе. Г1азизаб т1алъиялъул т1абиг1аталъ шаг1иралъе гьабураб асар. Гьелде бугеб жиндирго х1асрат загьир гьабизе гьабизе шаг1иралда ратарал сипатал.

**«Ц1ад».** Ц1ад балеб мехалъ муг1рузул т1абиг1ат хисулеб куц. Ч1агояб т1абиг1ат гьелдаса бохиялъул сипат, лъималазе гьелъ гьабураб асар. Ц1ад т1абиг1аталъе ва г1адамазе рах1матлъун бук1иналдаса шаг1иралъул рохел.

**Рек1ехъе лъазаризе**

**«Ганч1ил вас»** («Васас г1одове виччан, буртина гъажалде рехана» - ян абураб бак1алдаса лъуг1изег1ан).

Ц1адаса Х1амзат. **«Гъалбац1ги г1анк1ги».** (Г1алхуда бертин 8-10 куплет).

Расул Х1амзатов. **«Маша»** (К1иабилеб бут1а).

## Календариябгун – тематикияб план

| № | Дарсил тема | Саг1ат | Дарсил аслияб мурад | Халгъабиялъул къаг1ида | Рокъобе х1ал |
|---|---|---|---|---|---|

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **1 четверть - 8 сагlат** | | | | | |
| 1 | Байбихьи | 1 | Инсанасул гlум-руялда жаниб цlалдеялъул кlвар бичlчlи-заби; адабията-лъул хlакъалъулъ авалияб баян кьей | «Дица рии тlамураб куц» - гара-чlвари | Авар адабияталъул хlакъалъулъ жиндирго пикру бицине бажариз |
| **Халкъияб кlалзул гьунар**<br>*Асарал малъизе – 5 сагlат*<br>*Халгьабиялъул хlалтlи – 1 сагlат*<br>*Класстун къватlисеб цlали – 1 сагlат* | | | | | |
| 2 | «Ганчlил вас» - халкъияб къиса | 1 | -Халкъияб кlал-зул гьунаралъул хlакъалъулъ ава-лияб баян кьей; халкъияб къиса щиб кколеб лъай; - «Ватlан хири-ясе хвел буклуна-ро» абураб пикру бичlчlизаби | «Авар адабияталъул гlумруялда жаниб кlвар» - гара-чlвари | «Ганчlил вас» къиса тексталде гlагарун бицин лъазе; Къисаялъул му-гlалимас би-хьизабураб бутl реклехъе лъазе (…Васас гlодо виччан … - лъугlизегlан) |
| 3 | ***Класстун къватlисеб цlали*** «Гlасруялъул шагlир» - Р.Хlамзатовасул хlаракаталда тlасан | 1 | - Расулил твор-чествогун гlатlи-даб лъай-хъвай; -нилъер Ватlа-налдаса, гьелъул халкъалдаса чlу-хlи куцай; -мугlалимасул рагlухъ гlене-ккиялъул бажари куцай | Дарсида бицаралда тlасан тесталъулаб тlадкъай | Расул Хlамзато васул хlакъа-лъулъ мугlалим бицараб лъазе; къокъабазе –гье сул творчество-ялда тlасан су-алал хlадуризе. Р.Хlамзатовасу цо кечl реклехъ бицине лъазе |
| 4 | «Лъабго гьунар гьабурав бахlарчи» - халкъияб маргьа | 1 | -Халкъиял маргьабазул хlакъалъулъ авалияб баян кьей;«Лъиклъи нахъбуссуна» абураб пикру тасдикъ гьаби; - жидеца цlала-раб асаралъе план гlуцlизе ругьун гьари | Кечl реклехъе бициналъул бажариялъе къимат кей | 1. Гlажаибаб маргьаялъул ба лъазе; маргьа тlубанго цlали 2. Маргьабазул тайпаби лъазе, «Лъабго гьунар гьабурав бахlарчи» маргьаялъе пла гlуцlизе |
| 5 | «Хlамаги бацlги» - халкъияб маргьа | 1 | -Хlайваназул хlакъалъулъ мааргьабазул хlа-къалъулъ баян кьей,лъиклъиялъ | 1.Берцинго хабарияб текст цlалиялъул халгьаби 2. План гlуцlи ва гьелда рекъон къокъго текст | «Хlамаги бацl маргьаялъул хlасил бицине лъазе; кlиябго багьадуралъул |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | кидаго т1алъи бо-сиялъул пикру бич1ч1изаби;<br>-диалогалъулаб калам ц1алиялъул бажари цебет1езаби | бицин | хасиятал рагьиз |
| 6 | «Кьурулъ хут1арав Г1али» - халкъияб кеч1 | 1 | -халкъияб коч1ол х1акъалъулъ ава-лияб баян кьей;<br>- вацаздехун, хъи-заналъул цогидал членаздехун ро-кьи ва адаб куцай;<br>-коч1олаб калам ц1алиялъул бажари цебет1езаби | Ц1алараб кеч1алда т1асан пикру баян гьабиялъул бах1с | 1. «Кьурулъ хут1арав Г1али» кеч1алъул х1аси лъазе, муг1алимасул суалазе жавабал кьун бажаризе<br>2.Халкъияб кеч1алъул х1акъалъулъ ба лъазе; аслиял багьадуразул х1акъалъулъ бицине |
| 7 | Биц анк1аби Кицаби ва абиял | 1 | -биц анк1абазул х1акъалъулъ баян кьей;<br>- биц анк1абазул маг1на, пикру, мац1, хаслъи би-ч1ч1изаби;<br>- къокъабазда ца-дахъ рекъон х1ал-т1ун ругьун гьари<br>-кицабазул ва абиязул х1акъа-лъулъ баян кьей;<br>- калам пасих1-лъиялъе гьел х1алт1изарун ругьун гьаризе | Рихxун кьурал раг1абазул къокъабазда бицанк1аби г1уц1и ва гьезие жавабал кьей<br>Къокъабазда х1алт1и «дица дуе- дуца дие» - бицанк1аби ч1вай, кицаби, абиял г1емер лъаялъул даража борцин | Щиб кколеб бицанк1о, кици аби лъазе, жидецаго 3-5 бицанк1о ургъи Рокъор ругел ч1ах1иязда гьикъун, нилъе росдал маргьаби абиял кицаби хъвазе (бажари бугез).<br>10 кици, 10 аби 10 бицанк1о рек1exъе лъазе |
| 8 | ***Халгьабиялъул х1алт1и***<br>«Маргьаби ва гьезул тайпаби» | 1 | -Халкъиял асара-зул х1акъалъулъ лъаялъул жаража борцин;<br>-тесталъулал х1алт1аби т1ура-ялъул бажари цебет1езаби;<br>-жалго жидедаго ургъун лъалеб хъвавулаб кала-малдалъун загьир гьабизе куцай | Халгьабиялъул т1адкъаял | Жидецаго ц1ал бицине лъазе «Гьабигьанасул лъимал», «Рахъухъирщ», «Бечелъи к1варич1о, махщел бокьил «Дир санал т1икъваялда хъ руго» абурал маргьаби |

| 2 четверть – 7 сагӀат | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **Хъвадарухъабазул маргъаби ва къисаби**<br>*Асарал малъизе – 5 сагӀат*<br>*Калам цебетӀезаби – 1*<br>*Халгъабиялъул хӀалтӀи – 1* | | | | | |
| 9 | **ЦӀадаса ХӀамзат** «ГъалбацӀги гӀанкӀги»<br>1.Адабияб маргъа: авалияб баян<br>2.Маргъаялъул аслияб магӀна<br>3.КочӀолаб гӀуцӀи – адабияталъул теория | 1 | - адабиял маргъабазул хӀакъалъулъ баян кьей;<br>-ВатӀаналъул та-рих лъазабиялъе кӀвар кьей;<br>- кочӀол гӀуцӀи-ялъул авалияб баян кьей. | -шигӀруяб асар битӀун цӀали;<br>-2 абилеб бутӀа рекӀехъе лъай;<br>-кочӀолаб асаралъул гӀуцӀиялъул лъай борциналъе жалго жидедаго чӀун хӀалтӀи | ЦӀадаса ХӀамзатил хӀакъалъулъ лъазе. «ГъалбацӀги гӀанкӀги» марг тӀубан цӀализе. Маргъаялъул 2 абилеб бутӀа рекӀехъе лъазе. |
| 10 | **ГӀабдулмажид Хачалов.**<br>1. «Шахламаз»<br>2. Маргъаялда гӀумрудул закон | 2 | - ГӀ.Х-сул хӀа-къалъулъ авалияб баян кьей;<br>-«Шахламаз» маргъаялъулъ ВатӀаналъул та-рих бихьизаби;<br>-гӀадамасулъ лъикӀал хасиятал куцай | - маргъаялъул хӀасил бицине лъай;<br>-Шахламазие битӀараб къимат кьей<br>-жалго жидедаго чӀун хӀалтӀи | Хачаловасул гӀумруялъул хӀакъалъулъ лъазе. «Шахламаз» маргъа бицине лъазе |
| 11 | ***Калам цебетӀезаби***<br>Сочинение «Бецай устар» ГӀ.Х. «Шахламаз» асаралда тӀасан | 1 | -цӀалараб асарал-да тӀасан жин-дирго пикру хъванги бицунги загьир гьабизе ругьун гьари;<br>- сочинениялъул шартӀал лъазари ва гьел цӀунун сочинение хъвазе бажари куцай;<br>-маргъаялъул аслияй багьаду-ралъул сипат рагьи | Сочинение хъвай | Сочинение хъва лъугӀизабизе |
| 12 | **ГӀабасил МахӀамад**<br>1. «ЧӀибирикъ»<br>2. Хабарияб ва шигӀруяб калам | 2 | - ГӀ.МахӀамадил хӀакъалъулъ лъай кьей;шигӀруяб къагӀидаялда хъв-араб текст битӀараб интона-циялдалъун цӀа-лизе ругьун гьари;<br>-маргъаялъул ас-лияб пикру рагьи-зе бажари куцай;<br>БахӀарчи хъаб- | ШигӀруяб каламалъул гӀуцӀиялда тӀасан жалго жидедаго чӀун хӀалтӀи;<br>КочӀолаб асар харбидалъун бицин;<br>КочӀолаб къагӀидаялъ хъвараб маргъа битӀун цӀалиялъул хал гьаби | ГӀабасил М. «ЧӀибирикъ» бицине лъазе, ЧӀибирикъил ва ханасул сипатал рагьизе. Хабарияб ва шигӀрияб каламалъул бицине |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| - | | | чилъги ватулев абураб кици рит1ухъ гьабулеб куц бихьизаби | | |
| 13 | **Халгьабиялъул х1алт1и** «Адабиял маргьаби» | 1 | Адабиял маргьабазул авторал, гьезул асаразул аслияб тема ва багьадура лъаялъул хал гьаби; | Халгьабиялъул т1адкъаязе жавабал гьари | Рев-да цебесеб адабияталъул х1акъалъулъ жидецаго ц1алун бицине лъазе |
| **3 ч е т в е р т ь – 11 саг1ат** | | | | | |
| **Х1Х г1асруялъул адабият**<br>**Аваразул адабияталдаса**<br>*Асарал лъазаризе – 2 саг1ат* | | | | | |
| 14 | **Инхоса Г1алих1ажияв** «Бечедал чаг1азде» «Кицабиял алфазал» А/т Эпитеталъул х1акъалъулъ | 1 | Инх.Г1алих1ажил х1акъалъулъ ава-лияб баян кьей; гьесул асаразул аслияб маг1на би-ч1ч1и; инсанасул жакъасеб г1умру-ялъе гьезул к1вар; тексталъулъ эпи-тетазул к1вар би-ч1ч1и ва гьел ра-тизе лъай | Къокъабазда проект г1уц1и: «рев-да цебесеб г1умру» абураб | Кицабиял алфаза рек1ехье лъазе |
| 15 | **Элдарилав «Хъуру-хъара»** | 1 | Элдариласул х1а-ракаталъул х1а-къалъулъ къокъаб баян кьей, Элда-риласул замана-лъул г1умру це-беч1езаби, «Хъуру-хъара» кеч1алдаса ри-ч1ч1уларел раг1абазул маг1на рагьи; коч1олаб асар би-т1ун ц1алиялъул бажари лъадари | Г1алих1ажиясул алфазал рек1ехье рицин, гьезул бит1араб маг1на рагьиялъул хал гьаби | «Хъуру-хъара» кеч1 дурун ц1алу бажаризе Элдариласул г1умруялъул по-цо баянал лъазе Кеч1алда хадур кьурал суалазе бит1арал жаваба лъазе |
| **Дагъистаналъул халкъазул адабияталдаса**<br>*Асарал лъазаризе – 5 саг1ат* | | | | | |
| 16 | **Кочхюралдаса Саг1ид** «Милъиршаби» | 1 | Рев-да цебесеб г1умру лъай; гье-лъул х1акъалъулъ поэтазул асара-зулъ бицун бугеб куц рагьи; коч1о-лаб ва хабарияб каламалъул ба- | Кеч1 пасих1го ва дурун ц1алиялъул хал гьаби; Г1алих1ажил ва Элдариласул х1аракаталда т1асан гьит1инабго тест гьаби | «Милъиршаби» берцин бихьара къот1ел рек1ехı лъазабизе |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | т1алъи бичӀчӀи-зе; поэтасул милъиршо абураб метафора сундуе х1алт1изабун бугебали лъазе | | |
| 17 | **Абут1алиб Гъафуров** «Дир г1умру» тематикияб лъай-хъвай Чалабил ва Абут1алибил сипатал рагьи А/т Дандекквей. Раг1ул бит1арабги хъвалсарабги маг1на. | **3** | А.Гъ-с г1умру-ялъулъ х1акъа-лъулъ авалияб лъай; цебесеб г1умру, тарих би-ч1ч1и; рит1ухъ-лъиги т1екълъиги бат1а гьабун ба-жари лъадари; ра-г1ул бит1араб ва хъвалсараб маг-1наялъул авалияб лъай, гьединал ра-г1аби тексталъулъ ратизе бажари | «Милъиршо» кеч1 рек1ехъе бицин, хабарияб текст бит1ун ц1алиялъул хал гьаби, гьениб багьадурасул г1умру рагьи ва гьесул х1акъалъулъ жиндирго пикру баян гьабиялъул хал гьаби | «Дир г1умру» т1убанго ц1ал гьелъул темаял т1асан гара-ч1вари гьабун бажаризе; тексталъулъ сипатиял раг1а ратизе лъазе |
| 18 | **Г1азиз Иминагъаев** «Х1алт1ухъанасул г1умру» | **1** | Г1.Ин-л г1умруя-лъул къокъабго баян лъай; некIо х1алт1ухъабазул кьог1аб г1умруя-лъул х1акъикъат рагьи; аслияб пикруялда т1асан гара-ч1вари гьаби; коч1олаб асар бит1ун ц1ализе ругъунлъи | Тексталъулъ сипатияб калам бат1а гьабиялъул карточкаби, ц1алуда хадур гъоларезе тексталда т1асан суалазул гьит1и-набго текст; текст бут1абазде би-кьун, хабаралъул къокъаб х1асил бицин | «Х1алт1ухъана г1умру» рек1е бицине лъазаб |
| **XX г1асруялъул адабият**<br>*Асарал лъазаризе – 8 саг1ат*<br>*Калам цебет1езаби – 2 саг1ат*<br>*Х1асилгьабиялъул х1алт1и – 1* | | | | | |
| 19 | **Мух1амад Шамхалов** «Зурмихъабазул нохъода» | **2** | М.Ш-л х1аракаталъулгун авалияб лъай-хъвай; «Зур-михъабазул но-хъода» асаралда гьудуллъиялъул ва зах1мат бокьи-ялъул тема ра-гьун бугеб куц бихьизаби; гье-нир ругел багьа-дуразул хасиятазе бит1араб къимат кьезе бажари | Хабарияб текст кколеб инто-нациягун ц1али; «Халт1ухъанасул г1умру» рек1ехъе бицин; сипатиял раг1аби рати | «Зурмихъабазу нохъода» т1убанго ц1ал хадур кьурал суалазе жаваба лъазе |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | лъадари | | |
| 20 | **Мух1амад Сулиманов** «Х1инкъараб сапар» А/т Асаралъул тема ва аслияб пикру | **1** | М.С-л биографиялъул къокъаб баян; гьесул асаралъул аслияб тема: гьудуллъи рагьи – ва пикру бич1ч1и; гражданияб рагъул ва революциялъул х1акъалъулъ лъай | «Зурмихъабазул нохъода» асаралъул художествияб анализ-гара-ч1вариялъулъ г1ахьаллъи; карточкаби (ц1алулъ нахъе ккаразе) | «Х1инкъараб сапар» асар ц1ализе, тексталъул сипатияб анали гьабизе бажари гьелъул багьадуразул х1акъалъулъ жидерго пикру бицине лъай |
| 21 | ***Калам цебет1езаби*** Сочинение «Лъималазул гьудуллъи» | **1** | М.С-л ва М.Шам-л асаразулъ гьу-дуллъиялъул тема рагьи; г1умру-ялда жаниб гьудуллъиялъул к1вар бич1ч1и; гьудуллъи-ялъул х1акъалъулъ калам гьабун бажари, темаялда т1асан пикру цебет1ей | Бит1араб хьвавулаб ва к1алзулаб каламалъул даража борцин | Расул Х1амзатовасул х1акъалъулъ церерахьин (доклад, хабар, кеч1) х1адури[з] |
| | | **4 четверть -7 саг1ат** | | | |
| 22 | **Расул Х1амзатов** «Вера Васильевна» «Маша» А/т Дандекквей | **2** | Р.Х1ам-л х1аракаталъулгун авалияб лъай-хьвай; «Вера Васильевна» «Маша» бук1ине кколеб интонаци-ялда ц1ализе лъай; ц1алдохъа-базул ц1алуде рокьи ц1ик1к1и-наби, жиндир муг1алимасдехун адабалъулаб асар гъварид гьаби; К1В рагъда ни-лъер ракьцоязул х1акъалъулъ Ра-сулил коч1олъ бицун бугеб куц бич1ч1и | Р.Х1-л х1акъалъулъ церерахьиназе къимат кьей (гьелъие ц1алдохъабаздa гьоркьоса жюри бищила); бит1араб интонациялда кеч1 ц1али | «Маша» к1иабилеб бут рек1ехъе лъазе |
| 23 | **Г1абдулмажид Хачалов** «Т1аса лъугьа, гьалмагъ майор» А/теория | **2** | Г1.Хачаловасул х1аракаталъул х1акъалъулъ лъай г1ат1ид гьаби; К1В рагъул х1а- | Расулил х1акъалъулъ гьит1инабго к1алзулаб тест; «Маша» рек1ехъе ц1алиялъе къимат кьезе класс т1амила | «Т1аса лъугьа гьалмагъ май[ор»] Хабар т1убан ц1ализе, хаду кьурал суала[з] |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | Адабияв багьадур | | къалъулъ дагьаб-ги г1ат1идаб гара-ч1вари гьа-би; хабарияб асар бит1ун ц1алия-лъул бажари; ас-лияв багьадура-сул х1акъалъулъ жиндирго пикру баян гьабун бажари куцай ва гьесие бит1араб къимат кьей | (лъималазухъе цебеккунго 3,4,5 къиматазе кьеразулал карточкаби кьела) | жавабал лъазе. Нужерго ракьалдаса гьан заманалъул ва К1В рагъул заманалъул бах1арчиясул х1акъалъулъ лъ |
| 24 | ***Калам цебет1езаби*** Сочинение «Дир росулъа бах1арчи» | 1 | Ц1алдохъабазул к1алзулаб ва хъва-вулаб каламалъул хал гьаби; жин-дирго ракьалъул тарих лъаялъул даража борхизаби; жиндир Ват1анал-даса ч1ух1и, гьеб бокьиялъул асар ц1ик1к1инаби. Гьелъул бах1арза-зул х1акъалъулъ лъай | Бит1араб к1алзулаб ва хъвавулаб мац1алъул хал гьаби | «Дир росулъа бах1арчи» сочинение хъв лъуг1изабизе |
| 25 | **Фазу Г1алиева** «Рии т1адбан буго дир т1алъиялда» «Ц1ад» | 1 | Ф.Г1алиевалъул адабияб х1аракат-гун лъай-хъвай гьаби; пейзажияб лирикаялъул х1акъалъулъ лъай гъварид гьаби. Сипатиял раг1аби тексталда ратизе бажари ва гьезул тайпа лъай | Х1ай «Хехал щал?» жиб – жиб кьералъе (ряд) суалазе рит1арал жавабазухъ 1- 1 балл. Балл би-щунго г1емераб кьералъулазе т1о-к1аб къимат лъе-ла. Цогидазулги рес буго дарс лъуг1изег1ан къиматалъе баллал росизе | Ф.Галиевалъу биографиялъу цо-цо баянал лъазе, «Рии т1адбан буго т1алъиялда» «Ц1ад» паси ц1ализе, гьен сипатиял раг ратизе |
| 26 | ***Х1асилгьабиялъул х1алт1и*** «XX г1асруялда авар адабият» | 1 | 5 классалда авар адабияталъул щвараб лъаялъул х1асил гьаби, к1алзулаб ва хъвавулаб кала-малъулъ лите-ратурияб мац1 х1алт1изабиялъул бажари лъадари; асаразулъа багьа-дуразе бит1араб къимат кьей; | Щиб кколеб авар адабият – проект. Литературияб мац1 х1алт1изабиялъул даража борцин | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | жиндир г1умру-ялда дандч1варал г1адамалгун гьел данде кквей | | |
| | ***Резерв*** | 1 | | | |
| | | | | | |

**Ц1алдохъабазе литература:**

- Авар адабият. Учебное пособие-хрестоматия для 5 класса. ФГОС. Махачкала. ООО «Издательство НИИ педагогики», 2012
- «Халкъияб хазина». Дагъистан Республикаялъул Лъайкьеялъул министерствоялъ тасдикъ гьабураб. Мах1ачхъала «НИИ педагогикаялъул издательство», 2002
- Халкъияб хазина. Мах1ачхъала. НИИ педагогикаялъул издательство, 2002
- Авар адабияталъул чирахъ. 5 класс. Мах1ачхъала. Дагъучпедгиз, 1991